Impact Factor: 9.2 ISSN-L: 2544-980X

# Use of Interactive Methods in Literature Lessone

*Yusupov Islambek Konisbaevich* [1]

**Summary:** This article describes the peculiarities of the study of literary genres and methodological issues in their teaching. In the 21st century, when information on pedagogical science is rapidly updated in the world, the formation of knowledge, skills and abilities of students in academic lyceums and secondary schools of the Republic of Karakalpakstan on the basis of the pedagogical system is a very complex and important task.

**Key words:** literature, specialist in literature, poetry, poem, character, creative work, style, method, writing, genres, publicistic.

Házirgi rawajlanǵan pedagogika iliminde oqıw barısında interaktiv texnologiyalardı qollanıw usılları, oqıtıwda kishi topar jumıslarınıń bir neshe formaları islep shıǵılǵan. Bul metodikalıq máseleler boyınsha belgili metodistler T.Madumarov hám M.Kamaldinov, L.V.Golish, B.Sultanov, A.Tilegenov, J.Yuldoshev hám A.S.Usmanova, Q.Husanboeva [1], Q.Yusupov [2,3,4,5,6,7.т.б.] hám basqa alımlardıń metodikalıq miynetlerinde bahalı pikirler aytılǵan. Usı kózqarastan joqarı klasslarda qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda interaktiv texnologiyanı qollanıwdıń metodikalıq ózgeshelikleri bolıp, solardıń nátiyjesinde interaktiv oqıtıw usılları arqalı oqıwshılardıń jańasha bilim alıw múmkinshiligi artıp, olardıń ádebiyat sabaǵına bolǵan belsendiligi rawajlanadı.

Ádebiyat sabaqlarında "Juwmaqlaw" metodı keńnen qollanadı. Bul metodtı 10-klassta A.Ótepovtıń "Teńin tapqan qız" draması, N.Dáwqaraevtıń "Batırlıq" gúrrińi, S.Májitovtıń "Óner-bilim", "Oqıwǵa kel", "Tiri qorqaq", "Aqquw, shortan hám shayan", M.Dáribaevtıń "Egis ayları", "Kavkaz", "Ańqaw mergen", T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanı, A.S.Pushkinniń "Eskertgish", "Qısqı kesh", "Teńizge", "Tutqın", "Sibirge xat", V.Sheksprdiń dóretpeleri boyınsha qollanıw múmkin. N.Dáwqaraevtıń "Batırlıq" gúrrińin oqıtıwda "Juwmaqlaw" metodın paydalanıwǵa boladı. Gúrrińniń mazmunı oqıwshılarǵa keńnen túsindiriledi. Oqıwshılarǵa gúrrińniń jetiskenlik hám kemshilikleri úyretiledi. "Juwmaqlaw" metodınıń maqseti: Bul metod qıyın, kóptarmaqlı bolıp, kópshilik jaǵdayda mashqalalı xarakterdegi temalardı úyreniwge arnalǵan. Metodtıń ózgesheligi onda temanıń túrli baǵdarı boyınsha bir qıylı xabar beriledi. Usı waqıtları hár bir baǵdarı ayrıqsha tallanadı. Máselen, mashqala unamlı hám unamsız tárepleri, abzallıqları, jetiskenlik hám kemshilikleri úyreniledi. Bul interaktiv metod pikirlew, tallaw, anıq tereń mánili pikirlerdi tabıslı rawajlandırıwǵa hám oqıwshılardıń erkin ideyaları, pikirlerin jazba hám awızeki usılda bayan etiw, óz pikirin qorǵawǵa múmkinshilik jaratadı. "Juwmaqlaw" metodınan aralas hám birlesken sabaqlarında individual hám juplıqlarda jumıs usılında, ámeliy hám seminar sabaqlarında kishi toparlarda tema boyınsha bilimlerdi bekkemlew, talqılaw hám salıstırıw maqsetinde paydalanıw múmkin.

Oqıwshılar 4 toparǵa ajıratıladı. **1-topar:** Sabırbaydıń urıstan keliwi

**2-topar:** Sabırbaydıń qonaq bolıwı

**3-topar:** Urıstaǵı waqıyalar

**4-topar:** Jawıngerlerdiń qaharmanlıqları

| N.Dáwqaraevtıń "Batırlıq" gúrrińin tallaw usılları | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Filologiyalıq tallaw | | Didaktikalıq tallaw | | Psixologiyalıq tallaw | |
| abzallıǵı | kemshiligi | abzallıǵı | kemshiligi | abzallıǵı | kemshiligi |
| **juwmaq:** | | | | | |

S.Májitovtıń "Óner-bilim", "Oqıwǵa kel", "Tiri qorqaq", "Aqquw, shortan hám shayan" dóretpelerin "SWOT-tallaw" metodı menen úyreniw – bul oqıwshılarda qızıǵıwshılıq payda etedi. Oqıwshılar 4 toparǵa ajıratıladı.

**1-topar:** S.Májitovtıń "Óner-bilim" dóretpesin tallaw

**2-topar:** S.Májitovtıń "Oqıwǵa kel" dóretpesin tallaw

**3-topar:** S.Májitovtıń "Tiri qorqaq" dóretpesin tallaw

**4-topar:** S.Májitovtıń "Aqquw, shortan hám shayan" dóretpesin tallaw

"SWOT-tallaw" metodınıń maqseti: kerekli teoriyalıq bilimler hám ámeliy tájiriybelerdi tallaw, salıstırıw arqalı mashqalanı sheshiw jolların tabıwǵa, bilimlerdi bekkemlewge, tákirarlaw hám bahalawǵa, erkin, sın pikirlewdi, nostandart ideologiyanı rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

[1] Applicant of Karakalpak branch Uzbek Research Institute Pedagogical Sciences named after T.N.Kara Niyazi

**Úlgi:** SWOT talqılawdı usı kestege túsiriń.

| | | |
|---|---|---|
| **S** | Kórkem shıǵarmanı tallawdıń zárúrliligi | Kórkem shıǵarmanı tallaw usılların paydalanadı. |
| **W** | Tallaw barısında kórkem shıǵarma ideyasınıń sayızlıǵı | Bul kórkem shıǵarmadaǵı ideyalıq jaqtan sayızlıq pútin shıǵarmanıń mazmunına tásir etiwi múmkin. |
| **O** | Kórkem shıǵarmanı tallaw arqalı alıngan imkaniyatlar | Kórkem shıǵarmanı tallaw tolıq ámelge asadı. |
| **T** | Tosıqlar (sırtqı) | Kórkem shıǵarmanı tallawǵa sebep bolǵan hám oǵan qarsı bolǵan pikirlerdiń payda bolıwı. |

M.Dáribaevtıń "Egis ayları", "Kavkaz", "Ańqaw mergen" shıǵarmaların oqıtıw barısında "Assesment" metodın qollanıw kerek. Bul metodtıń áhmiyeti úlken. Oqıwshılarǵa jazıwshınıń dóretpeleri keńnen túsindiriledi. Bunnan soń olar 4 toparǵa ajıratıladı.

**1-topar:** M.Dáribaevtıń "Egis ayları" dóretpesin tallaw

**2-topar:** M.Dáribaevtıń "Kavkaz", dóretpesin tallaw

**3-topar:** M.Dáribaevtıń "Ańqaw mergen" dóretpesin tallaw

**4-topar:** M.Dáribaevtıń "Mıńlardıń biri" dóretpesin tallaw

"Assesment" metodınıń maqseti: Bul metod oqıwshılardıń bilim dárejesin bahalaw, qadaǵalaw ózlestiriw dárejesin anıqlaw hám ámeliy kónlikpelerin tekserip kóriw. Usı texnologiya arqalı oqıwshılardıń biliw iskerligi túrli usıllar (test, ámeliy kónlikpeler, mashqalalı máseleni sheshiw, salıstırıp tallaw, simptomlardı anıqlaw) boyınsha bahalanadı hám anıqlanadı.

Metodtı ámelge asırıw tártibi: "Assesment" metodınan teotiyalıq hám ámeliy sabaqlarda oqıwshılardıń alǵan bilimlerin anıqlawda, jańa maǵlıwmatlardı bayanlawda, seminar, ámeliy sabaqlarda bolsa tema yamasa maǵlıwmatlardı ózlestiriw dárejesin bahalaw, sonday-aq, óz-ózin bahalaw individual túrde paydalanıw usınıs etiledi. Solay etip, oqıtıwshınıń dóretiwshilik qatnası hám oqıw maqsetinen kelip shıǵıp, assesmentke qosımsha tapsırmalardı kiritiw múmkin.

T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanın oqıtıw barısında "Terminlerdi tallaw" metodın qollanıw paydalı. Oqıwshılarǵa roman haqqında túsinik beriledı. Romannıń teması, syujeti, kompoziciyası, qaharman obrazlarına tallaw islenedi. Sabaqta jańa temanı túsindirip bolıp, oqıwshılardan ótilgen tema boyınsha maǵlıwmat alınadı. Bunnan soń olar 4 toparǵa ajıratıladı.

**1-topar:** T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanınıń teması

**2-topar:** T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanınıń syujeti

**3-topar:** T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanınıń qurılısı

**4-topar:** T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanınıń obrazları

**5-topar:** T.Qayıpbergenovtıń "Qaraqalpaq qızı" romanınıń tili

"Terminlerdi tallaw" metodınıń maqseti: Bul metod oqıwshılardı tema boyınsha tayanısh terminlerdi ózlestiriw dárejesin anıqlaw, óz bilimlerin óz betinshe tekseriw, bahalaw, sonday-aq, jańa tema boyınsha dáslepki bilimlerin sınaw maqsetinde qollanadı.

Metodtı ámelge asırıw tártibi: Oqıwshılar sabaq (tapsırma) qaǵıydaları menen tanıstırıladı;

- Oqıwshılarǵa temaǵa yamasa bapqa tiyisli bolǵan sózler, terminler atı túsindirilgen tarqatpa materiallar beriledi. Bul tapsırmalar jekke yaki toparǵa beriliwi múmkin;
- Oqıwshılar bul terminler qanday máni ańlatıp, qashan, qanday jaǵdaylarda qollanalıwı haqqında jazba maǵlıwmat beredi;
- Belgilengen waqıt ishinde oqıtıwshı berilgen terminlerdiń durıs hám tolıq juwabın oqıp esittiredi yaki slaydlar arqalı kórsetedi;
- Hárbir oqıwshı berilgen tuwrı juwaplar menen óziniń jeke minásábetlerin salıstıradı, ayırmashılıqların anıqlaydı hám óz bilim dárejesin tekserip bahalaydı.

**Úlgi:** "Roman boyınsha terminlerdi talqılaw"

| Terminler | Sizińshe bul terminler qanday máni ańlatadı? | Qosımsha maǵlıwmat |
|---|---|---|
| roman | | |
| romannıń teması | | |
| romannıń syujeti | | |
| romannıń qurılısı | | |
| romannıń obrazları | | |
| romannıń tili | | |

“PSMJ” metodı nıń maqseti: Bul texnologiya oqıwshılardıń ulıwma pikirlerinen ózgeshe juwmaqlar shıǵarıp, salıstırıw arqalı maǵlıwmatlardı ózlestiriw, juwmaqlaw, sonday-aq dóretiwshilik pikirlew kónlikpelerin jetilistiriwge xızmet etedi. Bul metodtan paydalanıw arqalı oqıwshılardıń teoriyalıq hám ámeliy sabaqlarda pikiplerin bekkemlewde, ótilgen temanı sorawda, úyge tapsırma beriwde hám sabaq nátiyjelerin úyreniw ushın paydalı. Oqıwshılardıń pikirleri jeke hám toparda prezentaciya etiledi. Bul metodtıń juwmaǵında oqıwshılardıń ádebiy teoriyalıq bilimlerin ámeliy sabaqlar hám arnawlı tájiriybeler tiykarında tezirek hám tabıslı ózlestiriwge tiykar boladı. Pikir: “Kórkem shıǵarma jaslardı ulıwma insanıylıqqa tárbiyalaydı”. Tapsırma: Bul pikirge baylanıslı kózqaraslarıńızdı “PSMJ” arqalı tallap beriń.

“Insert metodınıń maqseti: bul metod oqıwshılarda jańa maǵlıwmatlardı, túsiniklerdı qabıl etiw hám bilimlerdi ózlestiriwdi jeńillestiriw maqsetinde qollanıladı. Sonday-aq, bul metod oqıwshılar ushın eslew shınıǵıwı wazıypasın atqaradı. Metodtı ámelge asırw tártibi:

- oqıtıwshı sabaqqa shekem temanıń tiykarǵı túsinikler mazmunı jaratılǵan tekstti tarqatpa yaki prezentaciya kórinisinde tayarlaydı;
- jańa tema mazmunın jaratıwshı tekst oqıwshılarǵa tarqatıladı yaki prezentaciya kórinisinde beriledi;
- oqıwshılar jeke túrde tekst penen tanısıp shıǵıp, óz kózqarasların arnawlı belgiler arqalı sıpatlanadı. Tekst penen islesiwde oqıwshılarǵa tómendegi belgilerden paydalanıw usınıs etiled:

| Belgiler | 1-tekst | 2-tekst | 3-tekst |
|---|---|---|---|
| “V” – tanısıw maǵlıwmatı | | | |
| “?” – bul maǵlıwmattı túsinbedim, eskertiw kerek | | | |
| “+” bul maǵlıwmat men ushın jańalıq | | | |
| “– ” bul pikir yaki maǵlıwmatqa qarsıman? | | | |

Belgilengen waqıt juwmaqlanǵansha oqıwshılar ushın tanıs emes hám túsiniksiz bolǵan maǵlıwmatlar oqıtwshı tárepinen talqılanıp, eskertiledi, olardıń qırları tolıq jaratıladı. Sorawlarǵa juwap beriledi hám sabaq juwmaqlanadı.

**ӘДЕБИЯТЛАР**

1. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Адабиёт ўқитиш методикаси. (дарслик). – Ташкент., Баркамал файз мадиа., 2018., – 352 б.
2. Юсупов Қ. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. (sabaqlıq). –Tashkent., Сано-стандарт, 2018. – 336 bet.
3. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
4. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.
5. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.
6. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Oqıw qollanba.– Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.
7. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде драмалық шығармаларды интерактив технологиялар менен оқытыў // Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў. – Нөкис, 2019. – №6/1. – Б. 4-8 (13.00.00. №20).
8. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қабуловтың өмири ҳәм лирикасын үйрениў // Ilim ha’m ja’miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 106-110 (13.00.00. №3).
9. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде лирикалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 181-184 (13.00.00. №13).
10. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354 (https://www. scopus.com /sourceid / 21100920227.).
11. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигин оқытыў методикасы // Ilim ha’m ja’miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №2. – Б. 100-103 (13.00.00. №3).
12. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2020. – №6. – Б. 40-41 (13.00.00. №8).
13. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).
14. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде прозалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №3. – Б. 304-308 (13.00.00. №13).

15. Юсупов К.А. Изучение художественных произведений в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №3. – стр. 78-80 (13.00.00. №8).
16. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492, 10.5958/2249-7137.2021.01525.1
17. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1
18. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53 (13.00.00. №8).
19. Yusupov K.A., Seytjanov J.E. Problems of artistic psychologism in Karakalpak prose. Philosophical Readings XIII.4 (2021), pp.2054-2060.2054 10.5281/zenodo.5584439. Info@philsophicalredings.org
20. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.
21. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. «Әмиўдәрья» журналы, 2021, – №4, – Б. 63-68.
22. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71 (13.00.00. №8).
23. Yusupov K.A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o'qitish masalalari// Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18 (13.00.00. №8).
24. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603.

https://johuns.net/index.php/abstract/361.html

25. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X. www.geniusjournals.org.

(https://geniusjournals.org/index.php/ejlat/issue/view/74)

26. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181. www.pedagoglar.uz.
27. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. May, (2022). PP. – 210-216.
28. Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.
29. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы . // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.